# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»нде материаллық байлықларды инвентаризациядан өткериў ҳаққында»**

Бюджеттен ажыратылған қаржыларды нәтийжели пайдаланыў, материаллық байлықларды балансқа алыў, олардан мақсетке муўапық пайдаланыўды тәмийинлеў ҳәм де министрликке қараслы Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»ндеги материаллық байлықларды инвентаризациядан өткериў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

**1.** Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»ндеги барлық түрдеги материаллық байлықлар инвентаризациядан өткерилсин.

**2.** Материаллық байлықларды инвентаризациядан өткериў бойынша исши топар қурамы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**3.** Инвентаризациядан өткериў бойынша исши топар қурамына:

- материаллық байлықларды инвентапризациядан өткериў өткериў жумысларын усы жылдың 6-декабрь сәнесинен 10-декабрь сәнесине шекем толық жумақлаў;
- инвентаризация өткериў ўақтында ҳақыйқатта анықланған материаллық байлықлар санын бухгалтерия есабы менен саластырмалы ведомость дүзиў;
- бийғарез ҳәм саўға ретинде берилген материаллық байлықларды балансқа киритилгенлигин үйрениў;
- кемис ямаса артық материаллық байлықлар анықланған жағдайда исши топар тәрепинен рәсмийлестирип, тийисли тәртипте ис-илажлар белгилеў;
- инвентаризация жумақлары бойынша акт дүзиў ҳәм есап-санақ бөлимине тапсырыў ўазыйпалары жүклетилсин.

**4.** Министрликтиң «Бухгалтерия есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар» бөлиминиң бас есапшы Г.Бекмуратоваға:

- инвентаризация жуўмақлары бойынша акт ҳәм есабатларды қабыл етип тийисли илажларды белгилеў.

**5.** Усы буйрықтын орынланыўын қадағалаўды министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «01» декабрь
245-санлы

Көширмеси дурыс.